




Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics, Book 2
May 10–12, 2005

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk

Matematik

Liv 2



10–12 me, 2005

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2005 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TI KONSÈY POU SUIV LÈ OU AP PRAN EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon nou fè pou ede ou fè maksimòm ou nan egzamen sa a:

- Fòk ou li ak atansyon tout espikasyon yo ba ou nan liv egzamen an.
- Ou kapab sèvi ak enstriman ou yo pou yo ede ou rezoud nenpòt nan pwoblèm egzamen an.
- Li chak kesyon ak atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri yon repons.
- Fòk ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou kapab resevwa yon pati nan pwèn yo si ou montre travay ou fè.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak règ yo ba ou a.




Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak fòm yo ba ou yo.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak kawo yo ba ou yo.

Sesyon 2

31 Heather gen 100 kat koleksyon li vle echanje jan yo montre anba la a.



Pati A

Heather ap bay sè li 25% nan kat yo. Trase yon sèk otou kantite kat la ke Heather pral bay sè li a.


Pati B

Ki pousantaj nan 100 kat koleksyon yo Heather gen ki rete apre li bay sè li a 25% nan kat yo?

Repons _____ %

Kontinye

32 Janet pral jwe jwèt « Kanna chans » la nan kèmès la. Pou jwe jwèt la, lap chwazi youn nan ti kanna kawotchou yo nan pisin lan.



Chak ti kanna kawotchou nan pisin lan gen yon zetwal koulè sou anba ki pa vizib pou jwè yo.

- Gen yon zetwal ble sou 1 kanna.
- Gen yon zetwal wouj sou 2 kanna.
- Gen yon zetwal vèt sou 9 kanna.

Pati A

Ki pwobabilite a pou Janet chwazi yon kanna ki gen yon zetwal wouj?

Repons _____

Pati B

Ki pwobabilite a pou Janet chwazi yon kanna ki **pa** gen yon zetwal vèt?

Repons _____

33 Darryl ap aprann jwe gita. Chak semènn, li ajoute nan lè li pratike chak jou. Yo montre tablo orè lè li pratike anba la a.

LÈ DARRYL AP PRATIKE GITA

Semenn	Lè pou pratike gita toulejou
1	12 minit
2	15 minit
3	18 minit
4	21 minit


Si Darryl kontinye ajoute nan lè li pratike yo chak semenn ak menm regilarite a, konbyen minit lap pratike chak jou nan semènn 7 la?

Repons _____ minit

Sou liy anba la yo, eksplike ak mo kouman ou te fè pou jwenn repons ou an.

Kontinye

- 34** Fanmi Linda ap demenaje. Yo anbaile tout atik menaje yo nan 10 bwat ki nan dyagram anba la a.



Pati A

Linda make 3 nan bwat li yo ak yon « V » pou vesèl. Ki fraksyon nan bwat yo èske li make ak yon « V »?

Repons _____

Pati B



Linda make bwat yo ki gen manje ladan yo ak yon « M ». Ekri yon « M » nan $\frac{1}{5}$ bwat yo ki nan dyagram anlè a.

35




Itilize kontè w yo pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Todd ap ranje 12 chèz nan plizyè ranje. Tout ranje yo ap gen menm kantite chèz. Nan chwak bwat anba la a, montre yon fason diferan Todd ka ranje chèz yo. Itilize yon sèk pou montre chak chèz.




Aranjman 1



Aranjman 2

Kontinye

36 Susan ap swiv yon desen pou li fè yon braslè pèl. Li deja fini pwemye 10 ranje braslè a, jan yo montre li anba la a.



Pati A

Trase ti pèl kare ak ti pèl wonn sou ranje 11 anlè a pou montre ti pèl yo ke Susan gen pou li itilize pouli kontinye desen a.

Pati B

Sou liy anba la yo, eksplike kijan ou chwazi ki ti pèl pou desine sou ranje 11 lan.

Pati C

Konbyen pèl kare kap genyen nan ranje 16 la?

Repons _____ pèl kare

Kontinye

37 Christi ak Amy ale nan yon magazen animal domestik.

Pati A

Christi achte yon sak manje amstè (se kankou yon tisouri) ki peze 2 liv. Chak liv manje amstè koute \$3,50. Ekri siy ki manke a (+, -, ×, oubyen ÷) nan bwat anba la a ki ta jwenn pri total manje amstè li a.

$$\$3,50 \square 2 = \text{pri total manje amstè a}$$

Pati B

Amy achte manje chen ak grenn pou zwezo. Li peye \$4,00 pou manje chen an. Pri total pou toude manje chen ak grenn zwezo yo te \$12,25. Ki kantite lajan Amy depanse nan grenn zwezo?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

- 38** Ron touche \$2,00 pa èdtan pou travay lakou. Li vle reyalize \$28,00 pou li achte yon inifòm foutbòl. Ron fè tablo anba la a pou li make kantite èdtan li travay ak kantite lajan li touche chak semèn.

TRAVAY LAKOU RON FÈ

Semèn	Kantite èdtan yo travay	Kantite lajan yo fè
1	4	\$8,00
2	2	\$4,00
3	3	\$6,00
4		
		\$28,00

TOTAL

Ki kantite *èdtan* Ron gen pou li travay pandan semèn 4 pou li touche \$28,00 an total pandan kat semèn sa yo?

Montre travay ou.

Repons _____ èdtan

Kontinye

- 39** Yon episri gen 3 kès pou peye. Tablo anba la a montre kantite jounal yo vann nan chak kès nan yon jounen.

VANT JOURNAL

Non jounal lan	Kantite yo vann		
	Kès 1	Kès 2	Kès 3
Sports World	3	3	2
Craft Fun	2	1	2
News Today	5	2	4

Pati A

Ki kantite nan chak kalite jounal te vann nan 3 kès yo ansanm?

Sports World _____ jounal

Craft Fun _____ jounal


News Today _____ jounal

Pati B

Sou kadriyaj anba la a, fè yon grafik an baton ki montre kantite total pou chak jounal yo vann nan 3 kès yo.


Pa bliye pou

- nonmen grafik la
- make aksis yo
- fè grafik tout done yo
- founi grafik la ak yon nechèl



PA vire paj sa a jistan ou gen pèmisyon pou sa.

40 Carly ale nan kèchè la. Kat ki anba la a montre anplasman diferan manèj ki nan kèchè la.



Pati A

Carly sou Merry-Go-Round la. Ki pè òdone ki ale ak anplasman Merry-Go-Round la sou kat la?

Repons (___, ___)

Pati B

Carly vle ale sou manèj la nan anplasman (1, 4) sou kat la. Ki manèj li ye?

Repons _____

41 Chak mwa, madan Feldman fè diferan kantite kat (pou ede elèv yo aprann leson yo). Li divize yo an pati egal pami 9 elèv li yo. Tablo ki anba la monre kantite total kat madan Feldman fè chak mwa pandan sis mwa.

KAT





Mwa	Kantite kat an total	Kat chak elèv resevwa
Septanm	72	8
Oktòb	27	
Novanm	45	
Desanm	18	
Janvye	63	
Fevriye	54	


Fin ranpli tablo ki anlè a pou montre ki kantite kat chak elèv resevwa nan chak nan sis mwa yo.

Kontinye

42 Tablo ki anba la montre konbyen katon ji Sunrise Market la vann nan yon jounen.

VANT JI

Kalite ji	Katon yo vann
Ponm	
Seriz	
Rezen	
Zoranj	

KLE
 = 2 lit

Pati A

Konbyen lit ji rezen èske Sunrise Market la vann jou sa a?

Repons _____ lit

Pati B

Ki kantite lit ji zoranj *anplis* pase lit ji seriz Sunrise Market la vann jou sa a?

Montre travay ou.

Repons _____ lit

43


Nan kòmansman ane a, te gen 1.945 kat bòn fèt nan magazen Annie a. Pandan ane a, li vann 781 kat epi li kòmande 675 anplis pou magazen an. Konbyen kat ki te genyen nan magazen Annie an nan fen ane a?

Montre travay ou.

Repons _____ kat

Kontinye

Klas madan Peterson lan vann grenn pou plante flè. Dyagram ki anba la montre kantite sache grenn ki vann pandan 5 jou.



Pati A

Ki diferans lan ant pi piti kantite sache ki vann nan yon jounen ak pi gran kantite sache ki vann nan yon jounen?

Montre travay ou.

Repons _____ sache

Pati B

Ki mwayenn lan nan kantite sache ki vann pa jou pandan 5 jou ki montre la a?

Montre travay ou.

Repons _____ sache

Kontinye

45 Amber ak Luis kòmanse li menm liv lan lendi.

- Amber li de chapit chak jou jistan li fini liv la.
- Luis li twa chapit chak jou jistan li fini liv la.
- Amber ap fin li liv la samdi.

Fin ranpli chak tablo ki anba la pou montre kantite total chapit Amber ak Luis fin li nan fen chak jou.

CHAPIT KI FINI

Jou	Amber	Luis
Lendi	2	3
Madi	4	
Mèkredi		
Jedi		
Vandredi		
Samdi		

Nan ki *jou* Luis ap fin li liv la?

Repons _____

46



Sèvi ak kontè ou yo pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Sou otobis lekòl Jan lan, gen 4 ti fi epi tout rès elèv yo se ti gason.

Egzakteman $\frac{1}{3}$ nan elèv yo sou otobis lekòl la se ti fi yo ye.

Pati A

Konbyen ti gason ki genyen nan otobis lekòl Jan an?

Repons _____ ti gason

Pati B

Sou otobis lekòl Jan lan, $\frac{1}{2}$ nan ti fi yo rele Ashley. Konbyen ti fi ki rele Ashley?

Repons _____ ti fi

Kontinye

47

Jacob gen \$2,95 an pyès monnen. Li gen 6 pyès 25 santim ak 12 pyès dis santim. Tout rès pyès monnen yo se pyès 5 santim yo ye. Ki kantite pyès 5 santim Jacob genyen?

Montre travay ou.

Repons _____ pyès 5 santim

48 Jasmine achte 26 fwi. Li achte 6 zoranj. Li achte de fwa plis pòm pase zoranj, epi de fwa plis zoranj pase fig. Li achte kèk pwa tou.

Nan tablo ki anba la a, ekri non ki manke a pou chak kalite fwi Jasmine achte.

FWI JASMINE

Fwi	Kantite yo achte
Ponm	
Zoranj	6
Fig	
Pwa	
Total	26

Sou liy anba la yo, eksplike kouman ou fè pou jwenn kantite pwa li achte.

Place Student Label Here



The McGraw-Hill Companies

Liv 2
Matematik
Klas 4
10–12 me, 2005
